# amul dara lu gën a diis ci màndxem jullit bi ëllëg bis-pénc jikko yu rafet, te Yàlla dafa bañ ku ñaaw i wax ñaaw i jëf

Jële nañu ci Abuu Dardaa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «amul dara lu gën a diis ci màndxem jullit bi ëllëg bis-pénc jikko yu rafet, te Yàlla dafa bañ ku ñaaw i wax ñaaw i jëf».
[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak At-tirmisiy]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne li gën a diis ci màndxem jullit bi i ëllëg bis-pénc ci ay jëf ak i wax mooy rafet jikkò ci di fecci kanam, ak bañ a lore, ak di def njekk. Yàlla mu kawe mi nag dafa bañ lu ñaaw ci jëf ak ci wax, ak ki bon li muu wax ci làmmiñam.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5371